

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°11 YO KU WA GATATU IGENEKEREZO RYA 15 RUHESHI 2022

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 15 Ruheshi 2022, i Bujumbura, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'iyo nama nshikiranganji, yarongoye ku magenekerezo ya 10 na 13 Ruheshi 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

- 1. Integuro y'ibwirizwa rishinga imbibe z'intara, amakomine, amazone, imitumba n'ama karitiye mu gihugu c'Uburundi, yashikirijwe n'umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano**

Uburundi bugizwe n'intara cumi n'umunani (18), amakomine ijana na cumi n'icenda (119), amazone amajana atatu na mirongo itatu n'icenda (339) n'imitumba n'amakaritiye ibihumbi bibiri n'amajana icenda na cumi (2910) ku burunganire bungana kilometero kwadarato ibihumbi mirongo ibiri n'indwi n'amajana umunani na mirongo itatu na bine (27834 km²).

Kuva Uburundi bwikukiye, harabaye kenshi ishingwa rishasha ry'imbibe z'intara, amakomine, amazone canke imitumba. Aha twovuga :

- Mu mwaka w'1962, igihe hashingwa intara munani (8) ;
- Mu mwaka w'1982, intara zavuye ku gitigira ca munani (8) ziba cumi a zitane (15) n'ama komine ijana na cumi n'ane (114);
- Mu mwaka w'1998, haravutse intara ya Mwaro, ziba ba cumi na zitandatu (16) ;

- Mu mwaka w'2005, igisagara ca Bujumbura catanguye gufatwa nk'intara, amazone nayo afatwa nk'ama komine ;
- Mu mwaka w'2015, havutse intara ya Rumonge.

Turavye amategeko yagiye arakurikirana, biraboneka ko hari uturere twashirwaho n'amabwirizwa, utundi tugashingwa n'itegeko ry'umushikiranganji. Ivyo ntivyobandanya kuko biteye kubiri n'ibwirizwa nshingiro rya Repuburika y'Uburundi.

Izi mbibe nshasha z'intara, amakomine, amazone, imitumba canke amakaritiye, zishikirijwe, zishingiye kuri ibi bikurikira:

- Gutunganya neza ishirwa mu ngiro ry'umugambi wo kwegereza ubutegetsu abenegihugu ;
- Kwisunga ingene intwari mu gihugu hagati itunganijwe mu bihugu dusangiye vyo muri aka karere;
- Gushiraho amakomine ashobora kwibeshaho ;
- Gushiraho intwari yegereye abenegihugu;
- Gukomeza ugukorerwa hamwe hagati ya Reta n'abigenga
- Kugabanya uburyo Reta yahora ishira mu makomine;
- Kugabanya uburyo amakomine yahora akoresha no kugwiza aharihishwa amakori n'amatagisi.

Kugirango izo mbibe nshasha zishingwe, mu vyisunzwe harimwo ibi bikurikira :

- Ingene ahantu hageranye hari hafi na hafi n'ingene abantu basanzwe babayeho;
- Ico ahantu hamwe hose hisangiye n'ivyohafasha gutera imbere imbere;
- Ingene ama komine ashobora kwibeshaho muvy'ubutunzi ;
- Imbibe kama n'ibitigiri vy'abantu;
- Ukwuzuzanya kw'uturere tugiye hamwe;
- Ingene ivya nkenerwa ku benegihugu bishobora kubegera

Hisunzwe ivyo, intara zacye ziva kuri cumi n'umunani (18) zija kuri zitanu (5) arizo z'izi zikurikira:

1. Intara ya BUJUMBURA, igizwe n'amakomine akurikira :

- a) Bubanza ;
- b) Bukinanyana ;
- c) Cibitoke ;
- d) Mpanda ;
- e) Mubimbi ;

- f) Muha ;
- g) Muhuta ;
- h) Mukaza ;
- i) Mugina ;
- j) Mugongo-Manga ;
- k) Ntahangwa.

Umugwa mukuru w'intara uri i **Bujumbura**.

2. Intara ya BUHUMUZA, igizwe n'amakomine akurikira :

- a) Butaganzwa ;
- b) Butihinda ;
- c) Cankuzo ;
- d) Gisagara ;
- e) Gisuru ;
- f) Muyinga ;
- g) Ruyigi.

Umugwa mukuru w'intara uri mu **Cankuzo**

3. Intara ya GITEGA, igizwe n'amakomine akurikira :

- a) Bugendana ;
- b) Gishubi ;
- c) Gitega ;
- d) Karusi ;
- e) Kiganda ;
- f) Muramvya ;
- g) Mwaro ;
- h) Nyabihanga ;
- i) Shombo.

Umugwa mukuru w'intara uri i **Gitega**

4. Intara ya Burunga, igizwe n'amakomine akurikira :

- a) Bururi ;
- b) Matana ;
- c) Makamba ;
- d) Mpinga-Kayove ;
- e) Mabanda ;
- f) Rumonge ;
- g) Rutana.

Umugwa mukuru w'intara uri i **Makamba**

5. Intara ya Butanyerera, igizwe n'amakomine akurikira :

- a) Busoni ;
- b) Matongo ;
- c) Kayanza ;
- d) Kiremba ;
- e) Kirundo ;
- f) Muhanga ;
- g) Mwumba ;
- h) Tangara.

Umugwa mukuru w'intara uri i **Ngozi**.

Ama komine yavuye kw'ijana na cumi n'icenda (119) aba mirongo ine n'abiri (42), ama zone n'imitumba navyo biragwizwa mu ntumbero yo kwegereza ubutegetsu abenegihugu, kuko ama zone yavuye ku majana atatu na mirongo icenda n'icenda (399) aba amajana ane na mirongo ine n'indwi (447), imitumba nayo iba ku bihumbi bibiri n'amajana icenda na cumi (2910) iba ibihumbi bitatu na mirongo itatu n'indwi (3037).

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyp nteguro, yabonye ko igikorwa cakoze gihambaye cane, ica **irayemeza**, ivyashishikirijwe navyo ni ibi bikurikira:

- Umurwa mukuru wa Komine Ntahangwa, woba ahari umugwa mukuru wa Komine Mutimbuzi y'iki gihe ;
- Gukorana n'ibisata bibifisemwo ubuhinga kugira uburinganire bw'intara canke amakomine n' amazone bwandikwe uko buri;
- Gutegura igicapo (ikarata) yerekana ingene intara, amakomine, amazone n'imitumba bigabuye ;
- Gutora ayandi mazina ku mitumba yitiranwa iri muri Komine imwe;
- Iri bwirizwa rimaze guterwako umukono, gukora ibishoboka kugirango imirwa mikuru y'intara ironke ibikenewe vyose bijanye n'umurwa mukuru koko;
- Gukwirangiza ubuhinga ngurukanabumenyi mu ntwaro yo mu gihugu hagati ;
- Gusubiramwo amategeko yose bisabwa ko asubirwamwo kubera iyi ntunganyo nshasha y'intwara hagati mu gihugu ;
- Kurondera uburyo bwose bukenewe kugirango iyi ndinganizo nshasha ije mu ngiro ;
- Gushira iyi nteguro mu rurimi rw'Ikirundi.

2. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano nyafrika yerekeye urwaruka, yashikirijwe n'umushikirananganji ajejwe imigabo n'imigambi yo muri Afrika y'Ubuseruko, urwaruka, inkino n'imico kama.

Afrika igizwe n'abantu ahanini bagwiriyemwo urwaruka rugera ku miliyoni amajana ane (400) bafise hagati y'imyaka 15 na 35. Urwo rwaruka rusaba ko ibisata biteza imbere ubutunzi bishirwamwo imitahe myinshi kugirango ivyo bihugu bitere imbere.

Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika ryarateguye imigambi myinshi yo guteza imbere urwaruka kugirango ubwo bwinshi bwawo bube umutahe w'iterambere.

Muri icyo migambi harimwo amasezerano nyafrika yerekeye urwaruka.

Ayo masezerano afise intumbero :

- Y'uko ibihugu bigize ishishamwe rya Afrika bigira icyo vyiyemeje mu guteza imbere urwaruka;
- Y'uko urwaruka ruterera mw'itegurwa ry'imigambi y'iterambere no kugira ijamba mu ngingo zifatwa zerekeye iterambere rya Afrika.

Ayo masezerano ni nk'uburyo bwo gufasha urwaruka mu vyo kwiteza imbere, no kugira icyo rubazwa mu bihugu vya Afrika.

Gushika ubu, ibihugu 39 kuri 55 ni vyo bimaze kuyemeza, 43 navyo bikaba vyaramaze kuyatera ko umukono.

Inama nshikirananganji imaze kwihweza icyo nteguro, **yarayemeje.**

3. Integuro y'ibwirizwa risubiramwo bwirizwa rigenga abakozi ba Reta, yashikirijwe n'umushikiranjanji w'abakozi ba Reta n'akazi.

Kw'igenekerezo rya 02 Ntwarante 2022, Reta yaremeje umugambi wo gukura ubusumbasumbane mu mishahara y'abakozi ba Reta.

Ishirwa mu ngiro ry'uwo mugambi risaba ko hashirwaho amategeko mperekeza, harimwo aya agenga abakozi ba Reta.

Mu tunenge twibonekeje mw'ibirizwa rigenga abakozi ba Reta rihari ubu, harimwo utu dukurikira:

- Ntirifatira ku ngingo ngenderwako z'uwo mugambi mushasha;
- Ibwirizwa rihari ryitwa ko ariryo rikuru risa n'uko atariko rikiri kuko ririmwo ingingo zisangijwe n'ibisata vy'indero n'ubuvuzi navyo bikaba arivyo bigize ibice mirongo icenda kw'ijana vy'abakozi ba Reta, bikaba vyatumye ubuzi bwa Reta busa n'uko bwiciyemwo imice bifatiye kuturusho bamwe bamwe bagiye bararonka.
- Ibwirizwa rihari ntirifatira ku mugambi wo gukurikirana neza umwimbu mu buzi bwa Reta wemejwe mu mwaka w'2014.

Bishasha iyi nteguro izanye ni ibi bikurikira :

- Irafatira ku mugambi wa Reta wo kugabanya ubusumbasumbane mu mishahara, Reta yemeje muri Ntwarante 2022;
- Irakuramwo ingingo zisangijwe n'ibisata vy'indero n'ubuvuzi;
- Ishira imbere umwimbu umukozi yashitseko nk'uko bitegekanijwe m'umugambi wo gukurikirana neza umwimbu mu buzi bwa Reta;
- Iyi nteguro nshasha iratunganya neza itangwa ry'amanota hakazorabwa ahanini umwimbu umukozi yashitseko ;
- Mu bijanye n'imishahara, gishasha iyi nteguro izanye ni ikurwaho ry'uturusho twose tuhari ubu, umushahara ukazoshingwa hafatiwe kuco umukozi ajejwe n'utwigoro ako kazi gasaba.

Umushahara w'umukozi uzoba ugizwe n'ibi bikurikira hashobora kujako akiyongera kavuye kukw'itanga bidasanzwe:

- Umushahara w'ifatiro (salaire de base) ;
- Amafaranga ajanye n'akazi akora (Part-Emploi) ;
- Amafaranga yo gushigikira umukozi kubera umuryango wiwe (allocations familiales).

Amahera yandi ashobora kwiyongerako azoba afatiye kuco umukozi azoba yamaze ku giti ciwe we nyene nk'uko Umugambi wo gukurikirana neza umwimbu mu buzi bwa Reta usanzwe ubitegekanya.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyi nteguro, **yarayemeje**, mu vyashikirijwe hakaba harimwo ibi bikurikira:

- Imyaka yo gukukuruka izoja kuri mirongo itandatu (60) ku bakozi bose ba Reta ;
- Kwibutsa ibisata vyose vya Reta ko guhera muri uyu mwaka w'amahera ya Reta 2022 ushira uw'2023, abakozi bose bategerezwa gutera umukono ku masezerano y'ivyo bategerezwa gushikako;
- Gushira iyi nteguro mu rurimi rw'Ikirundi.

4. Integuro y'itegeko rishira ku rutonde ubuzi bwa Reta n'ingene busumbasumbana, yashikirijwe n'umushikiranganji w'abakozi ba Reta n'akazi.

Umugambi w'igihugu usubiramwo itunganywa ry'ubuzi bwa Reta wemejwe mu mwaka w'2012 warategekaniye itondekwa ryiza ry'ubuzi bwa Reta.

Ico gikorwa gifise amahangiro abiri, ariyo y'aya akurikira:

- Kwerekana neza ubuzi ubw'aribwo, kwerekana ubumenyi busabwa ku kazi kose be n'utwigoro akazi kose gasaba, kugirango umuntu aje mu kibanza bikwiranye kandi azi ico agiye gukora.
- Kuraba ingene ubuzi busumbasumbana kugirango hashingwe imishahara bikwiranye.

Iyi nteguro ije :

- Gushira ku rutonde ubuzi bwa Reta no kwerekana ingene busumbasumbana;
- Kwerekana ibikurikizwa mu gushira ku rutonde ubwo buzi n'ivyisungwa mu gusumbasumbanya ubuzi;
- Kwerekana ingaruka z'ubwo busumbasumbane.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, yarashimye igikorwa caranguwe, **ica irayemeza**, mu vyashikirijwe navyo harimwo ibi bikurikira:

- Kwerekana neza ubuzi ubw'aribwo ntihabe ivyo kwitiranya;
- Gushira abakozi bari basanzwe bahari mu bibanza bakwiye hisunzwe urwo rutonde rushasha;
- Kunagura ubumenyi ku bakozi bazoshira mu ngiro uyu mugambi ;
- Kwumvisha ibisata vya Reta bigengwa n'amategeko vyisangije (statuts spéciaux) kwisunga urwo rutonde rw'ubuzi.

5. Urwandiko ku bijanye n'amategeko agenga ishirahamwe ABUTIP be n'aho rikukira, yashikirijwe n'Umushikirananganji ajejwe inyubako, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta, no kugwiza uburaro.

Mu mwaka w'2000, Reta y'Uburundi yararonkejwe ingurane n'ishirahamwe mpuzamakungu rijejwe iterambere (IDA) kugirango ikoreshe mu mugambi w'ibikorwa vya Reta no kugwiza akazi « PTPCE » uca urangurwa n'ishirahamwe ABUTIP.

Kuva mu mwaka w' 2003, ABUTIP ryari rizwi nk'ishirahamwe ridakorera inyungu.

Kubera uko iryo shirahamwe ryubatse, igipfungu mu mategeko arigenga nticobura, kuko Reta n'ibisata biyikomokako biraserukiwe muri iryo shirahamwe.

Muri iki gihe, ishirahamwe ABUTIP irangura ibikorwa ku buryo bwatanzwe n'abafashanya n'Uburundi, ariko ntirigira ubushikirananganji rikukira.

Muri uru rwandiko, ubushikirananganji bujejwe inyubako busaba ko:

- Ishirahamwe ABUTIP rihindura amategeko arigenga, rigakuramwo abigenga;
- Ishirahamwe ABUTIP ryokukira ubushikirananganji bujejwe inyubako rikaza rirakurikirana ibikorwa vyo kwubaka ku buryo Reta yaronkejwe n'abo bafashanya.

Umushikirananganji w'intwaro yo hagati mu gihugu yaciye amenyesha ko Ishirahamwe ABUTIP rikoresha abakozi cumi na batanu (15), mu bikorwa ririko rirangura ubu navyo, ica nyuma kikazorangira kw'igenekerezo rya 30 Nyakanga 2025.

Yaciye amenyesha ko ishirahamwe ABUTIP rifise imanza umunani (8) , muri izo izimaze gucika zikaba zisaba ABUTIP kuriha amahera agera ku miliyaridi zibiri, imiliyoni amajana atandatu na mirongo ine n'indwi, n'ibihumbi amajana atanu na bitandatu n'amajana abiri na mirongo icenda n'atandatu (2 647 506 296 Fbu).

Inama nshikiranngankji imaze guca hirya no hino urwo rwandiko, **yashikirije** ibi bikurikira:

- Hisunzwe amategeko ari mu gihugu ubu, ishirahamwe ABUTIP rihari ata mategeko yisunzwe;
- Birakenewe ko ishirahamwe ABUTIP rikurikiranirirwa hafi kugirango rirangize ibikorwa ririko rirakora ubu;
- Umushikirananganji w'Intwaro hagati mu gihugu afatanije n'uwujejwe ikigega ca Reta, uwujewe ubutungane n'uwujejwe inyubako,

bahagarikiwe n'ibiro vy'Umushikiranaji wa Mbere bazokurikiranira hafi ibikorwa vya ABUTIP;

- Ibikorwa vy'ishirahamwe ABUTIP bazorangirana n'igikorwa canyuma yamaze gutanguza kiriko kirakorwa;
- Kwegeranya dosiye zose z'amatati zikagirwako amatohoza, ababifisemwo uruhara bakabibazwa.

6. Urwandiko rujanye n'amategeko ikigo kijejwe kwegearanya amakori n'amatagisi OBR gishira mu ngiro mu gutanga uturusho (exonérations), rwashikirijwe Numushikiranaji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Ingingo ya 70 y'ibwirizwa nshingiro rya Repuburika y'Uburundi ivuga ko uturusho (exonérations) dutangwa n'ibwirizwa.

Ibwirizwa 1/22 ryo ku 05 Munyonyo 2021 ritunganya ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi OBR riraha ico kigo uburenganzira bwo gutanga uturusho dutegekanijwe n'amabwirizwa, hisunzwe ingene ico kigo giheza kikabitunganya.

Bica vyumvikana rero ko Ikigo OBR arico gishira mu ngiro amategeko ajanye n'utwo turusho.

Uru rwandiko rurekana urutonde rw'amategeko yose ikigo OBR cisunga.

Kubera ubwinshi bw'amategeko ikigo OBR cisunga, be n'uko haraho ingingo zimwe zimwe ziri muriyo zidahura canke zikavuguruzanya, haraho OBR biyigora.

Ivyo uru rwandiko rusaba ni ibi bikurikira :

- a. Ko hokorwa icigwa cerekeye ico utwo turusho twahawe abanyamitahe twavyaye nk'inyungu ku gihugu. Ico cigwa coshikiriza n'ivyokurikizwa mu gutanga utwo turusho, kandi cokorwa ku banyamitahe baronkejwe utwo turusho kuva mu mwaka w'2010 ;
- b. Ko hokorwa icigwa ku turusho ku buryo buva hanze y'igihugu bufasha mu kurangura imigambi, be n'utwaronkejwe amashirahamwe ategamiye Reta, mu ntumbero yo kuraba ko ata busuma burimwo ;
- c. Gukora amatohoza yimbitse kubaronkejwe uturusho mu ntumbero yo kuraba ko ivyasabiwe utwo turusho bitakoreshejwe ibindi.
- d. Gutegura ibwirizwa ryerekeye amahera asohoka no kwemererwa kutariha ikori, mu ntumbero ikurikira :
 - Kugabanya amahera ya Reta yononekara ;

- Gukoraniriza mw'ibwirizwa rimwe rudende ingingo zose ziri mu mabwirizwa atandukanye ajanye n'ivy'uturusho.

Inama nshikiranganji imaze guhanahana ivyiyumviro kuri urwo rwandiko, yarashimye ibiri muri rwo, ica isaba ko **vyoshirwa mu ngiro**.

7. Urwandiko rusigura ibijanye n'umugambi wo gukwiza umuyagankuba uvuye ku mishwarara y'izuba ku mabarabara makuru yo mu gisagara ca Gitega, rwashikirijwe n'umushikiranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka.

Reta y'Uburundi yarashikirije Reta y'Ubuyapani icipfuzo c'uko amafaranga azova mw'igurishwa ry'ingabire y'ibitoro Ubuyapani bwahaye Uburundi yokoresha mu mugambi wo kubonesha amabarabara makuru makuru yo mu bisagara vya Bujumbura na Gitega hakoreshejwe umuyagankuba uvuye ku mishwarara y'izuba.

Uwo mugambi uzokorwa n'ishirahamwe ryo mu Buyapani ryitwa "Kens. Co. LTD », risanzwe rifise ubuhinga muri ico gisata.

Uturusho turi muri uwo mugambi ni utu dukurikira:

- Amabateri rizokoresha araramba cane kuko aramara imyaka cumi;
- Ayo mabateri ntashobora kwibwa kuko ari mu nda y'icuma (poteau) kandi kidashobora kwugurugwa kuko cugawe n'imisumari idasanzwe;
- Icuma (Poteau) kirafise ingene gikingiwe kugirango ntihagire imikungugu iza irarundarundanako;

Ivyo bizotuma ishusho y'umurwa mukuru wa politike ihinduka, kandi n'umutekano wiyongere.

Twokwibutsa ko mu mwaka w'2009, Ubuyapani bwatanze imfashanyo y'igitoro yavuyemwo amahera y'amarundi angana na miliyaridi indwi, miliyoni amajana atanu na mirongo itandatu na zibiri n'ibihumbi amajana indwi na mirongo itanu na bitanu n'amahera cumi na rimwe (7.562.755.011 fbu). Mu mwaka w'2013 naho bwaratanze ingabire y'ibindi bitoro vyavuyemwo amahera y'amarundi angana na miliyaridi cumi, miliyoni amajana atatu na mirongo ine n'imwe n'ibihumbi amajana atandatu na cumi na bitandatu n'amajana munani na mirongo itandatu n'atanu (10.341.616.865 fbu).

Inama nshikiranganji **yarashigikiye** uwo mugambi.

8. Utuntu n'utundi

- Umushikiranganji w'intworo yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano yaramenyeshije inama nshikiranganji ikibazo kijanye n'ingene ubu igitabu c'inzira gisanzwe gisigaye kironderwa n'abantu benshi.
Yamenyeshije ko kubera igitigiri kinyi c'abakirondera, ibihari bishobora guherana n'uyu mwaka w'2022. Yavuze ko bikenewe ko haterwa umukono ku masezerano yo gukora ibindi bitabu, kugirango ngo ntibizohawe bibura. Ibizatangwa mu mwaka w'2023 vyoronderwa muri uku kwezi kwa Ruheshi canke muri Mukakaro uyu mwaka, kuko bisaba n'imiburiburi amezi atandatu kugirango biboneke.
- Umushikiranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka yaramenyeshije aho ibikorwa vy'amakoperative acukura inzahabu mu turere yahawe canke mu turere twahawe amashirahamwe Tanganyika Mining Burundi na African Mining Burundi bigeze, be n'ikiriko kirakorwa mu ntumbero yo kugwiza umwimbu w'inzahabu.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 16
Ruheshi 2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba
n'Umuvugizi wayo

Prosper NTAHORWAMIYE